

Koman pou w fè yon bonjan apèl

Nan mwens ke 15 jou apre ou fin resevwa lèt ki bay rezon ki fè SPR/RPD pran desizyon an,

- Ou dwe ranpli yon Fòm Apèl. W ap jwenn yon kopi Fòm sa a atache ak Enfòmasyon sa yo.
- Ou dwe voye 3 kopi Fòm Apèl ou a nan Biwo Seksyon Apèl pou Refijye (SAR), ou ka voye Youn (1) si w ap voye 1 an liy.
- Nan Fòm Apèl la ou dwe mete chak moun kap fè apèl la ak ou OSNON ou dwe bay SAR/RAD yon fòm pou chak moun kap fè apèl sou desizyon an.

Nan mwens ke 45 jou aprè ou fin resevwa lèt ki eksplike desizyon SPR/RPD la :

- Ou dwe ranpli yon Dosye pou Moun kap fè Apèl la.
- Ou dwe voye 2 kopi dosye dapèl ou bay Seksyon Apèl pou Refijye (SAR) -- oubyen youn kopi si wap voye 1 an liy.
- Dokiman ak enfòmasyon ki dwe nan Dosye Moun kap fè Apèl la, w ap jwenn yo nan *Gid pou Moun kap fè Apèl (Guide de l'appelant/Appellant's Guide)*

Pa bliye : Si w depoze yon Apèl, apre dat limit pou w depoze Dosye apèl la, gen chans pou apèl ou a rejte.

Demann pou plis tan pou voye dosye a :

Plis tan pou ranpli Fòm Apèl la ak Dosye moun kap fè apèl la

Si w pa kapab ranpli Fòm Apèl la ak Dosye moun kap fè apèl laatan, ou dwe voye yon demann bay SAR/RAD pou w mande plis tan. Nan demann sa a, ou dwe bay rezon ki fè ou an reta a. Demann plis tan sa a dwe fèt selon atik 6 ak 37 *Règleman SAR/RAD* la. Ansanm ak demann sa a ou dwe bay 3 kopi Fòm Apèl la ou a -- ou ka bay youn (1) si w ap voye an liy. Ou bezwen tou prezante yon papye ki fèt devan notè sou sèman pou kore deklarasyon ou an.

Plis tan pou w ranpli dosye moun k ap fè apèl la

Si w ranpli Fòm apèl la atan men ou pagen tan fè dosye Demann apèl la, ou dwe voye yon demann pou plis tan bay SAR/RAD a. Nan demann sa a, ou dwe bay rezon ki fè ou an reta a. Demann pou plis tan sa a dwe fèt selon atik 6 ak 37 *Règleman SAR/RAD* yo. Ansanm ak demann ou a, ou bezwen tou prezante yon papye ki fèt devan notè, ou sou sèman, pou kore deklarasyon ou an.

Ki kote pou w voye dokiman apèl ou yo

Ou dwe bay dokiman ou yo nan Biwo SAR/RAD a ki nan menm rejyon ak Biwo SPR/RPD ki te fè w konnen desizyon an.

Konseye

Ou ka vle gen yon konseye ki pou ede w ak apèl la. Si konseye sa a mande w yon frè osnon ap resevwa lòt pèman, li dwe yon bonjan manm yon asosyasyon moun kap travay nan zafè lalwa nan yon pwovens okanada (asosyasyon avoka, osnon moun kap travay nan lalwa), li kapab manm Asosyasyon Notè Kebèk (Chambre des notaires du Québec), osnon li kapab manm Konsèy konsiltan nan zafè imigrasyon Kanada (Immigration Consultants of Canada Regulatory Council / Conseil de réglementation des consultants en immigration du Canada). Si konseye w la pap mande w lajan, ou dwe ranpli yon fòm ki rele Fòm reprezantan ki pa touche kob ni ki pa resevwa okenn lòt lajan (Notice of Representation Without a Fee or Other Consideration / Avis – représentant non rémunéré ni autrement rétribué) e bay li san pèdi tan a Minis la ansanm ak SAR/RAD la.

Si w gen yon konseye, se responsablite pa w pou fè konseye sa a respekte delè yo.

Lang

Ou ka jwenn Fòm demann apèl la nan youn nan lang ofisyèl Kanada yo (Anglè osnon Fransè) selon sa ke ou chwazi. Nenpòt dokiman ki fèt nan yon lòt lang dwe mache ak yon tradiksyon an anglè osnon an fransè. Tradiktè a dwe siyen ke tradiksyon an kòrèk.

Gid pou moun kap fè apèl yo (ke w ka jenn sou sitwèb CISR/IRB) bay plis enfòmasyon sou kesyon chwazi ant angle ak franse e sou kesyon pou w ta mande yon entèprèt si sa ta nesèsè pou gen yon odyans nan kad apèl ou a.

Li posib pou yo pataje enfòmasyon w yo ak lòt òganizasyon

Enfòmasyon pèsònèl ke ou bay pandan apèl la, yo mande yo sou baz Lwa imigrasyon ak pwoteksyon refijye (*Immigration and Refugee Protection Act / Loi sur l'immigration et la protection des réfugiés*) nan bi pou yo ka deside sou apèl ou a devan SAR/RAD. Li posib pou yo pataje enfòmasyon w yo ak lòt òganizasyon tankou Ajans sèvis fwontyè Kanada (Canada Border Services Agency / Agence des services frontaliers du Canada), Sitwayènte ak imigrasyon Kanada (Citizenship and Immigration Canada / Citoyenneté et Immigration Canada), Sèvis ransèyman ak sekirite Kanada (Canadian Security Intelligence Service / Service canadien du renseignement de sécurité) ansanm ak lòt ajans ki la pou fè respekte lalwa, tou sa nan kad aplikasyon ak administrasyon *Lwa imigrasyon ak pwoteksyon refijye*.

Wa jwenn plis enfòmasyon ak fom yo sou *Kit pou moun kap fè apèl yo*.

Ou ka jwenn règleman Biwo Seksyon Apèl pou Refijye (Règleman SAR) nan [Sitwèb Depatman Jistis Kanada](#).

Si ou pa ka jwenn yon enprimant, ou ka ale nan youn nan Biwo Komisyon Imigrasyon ki pi pre ou pou w ka jwenn yon kopi Dosye moun k ap fè apèl la.